


SISTÈM LEKÒL AN FRANS
SOTI LEKÒL PRIMÈ RIVE ANSÈYMAN SEGONDÈ



Nou kontan wè w lekòl elemantè!



CASNAV (Sant Akademik pou Eskolarizasyon zanfan ki fèk rive, ki pa pale lang peyi a epi pou timoun fanmi vwayajè)

Welcome
Kontan vwè zòt
Bienvenidos

Ki objektif ?

Edike pou nou viv ansanm
Enstwi pou konprann epi aji
Pèmèt chak moun ale pi lwen



Dokiman pou paran zelèv ki fèk rive Gwadeloup e ki pale kreyòl

Ki etap pou rantre lekòl ?

Nan lekòl la

- **Etap n°1:** Fè yon demann enskripsyon nan meri kote ou rete a
- **Etap n°2:** Tès pou pozisyon elèv la nan lekòl la.
- **Etap n°3:** Selon rezilta tès la : soutyen (FLE, FLSco) ak yon pwofesè.

Nan sistèm franse a paran yo konsidere tankou patnè pou edikasyon timoun yo.

Ki wòl yon paran timoun lekòl ?

Ou kapab :

Di sa ou panse (elèksyon paran zelèv)
Rankontre pwofesè –yo (avèk yon entèprèt si ou pa pale franse
Di ki chwa oryantasyon ou ta renmen

Ou dwe :

Konnen krèy règ lekòl la
Kenbe yon anbyans respè pou yonn ak lòt avèk tout ekip la (pwofesè, sèvis santé,
elatriye...)
Veye pou timoun ou toujou ale lekòl epi pou li rive alè.
Verifye travay lekòl la (leson, ègzèsis, liv nòt yo)
Veye pou timoun ou toujou byen prezante (rad li, ijyèn)
Patisipe nan reyinyon paran pwofesè yo



Ki moun ki kab ede w ?

Pedagoji ak konpòtman

- Direktè oswa dirèktris lékòl la
- Mèt oswa metrès ki an chaj tout zelèv ki fèk rive e ki pa pale lang peyi a (UPE2A)
- Mèt oswa metrès klas élèv la prale a
- Sikològ lekòl la
- Rezo èd la
- Asistant Sosyal la
- Medsen (doktè) lekòl la
- Enfimyè a

Oryantasyon

- Ekip pedagogik la ki konpoze ak pwofesè lekòl la
- Ekip edikatif la pou sitiyasyon patikilyè yo

Enfòmasyon

- **C.A.S.N.A.V.** (Sant Akamik pou eskolarizasyon zanfan ki fèk rive, ki pa pale lang peyi a epi pou zanfan fanmi vwayajè) Tél. : 0590 215 962
- **Lameri** kote ou rete pou **Pwojè edikatif teritoryal**
- **Federasyon paran zelèv yo** patikilyèman asosiyasyon paran lekòl la
- **Asosiyasyon pou fanmi** tankou **A.S.P.R.O.F.A.** (Asosiyasyon pou pwomosyon Fanmi)
- **R.E.A.A.P** (Rezo pou koute, Apiye epi Akonpaye Paran yo)
- **F.O.R.C.E.S** (Federasyon fanm pou òganizasyon ak revalorizasyon nan domèn kiltirèl ekonomik ak sosyal)